# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
# ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

***Жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациядан өткериў ҳаққында***

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2008-жыл 4-марттағы 56-санлы буйрығы менен тастыйықланған ҳәм Әдиллик министрлигинен 2008-жыл 20-мартта дизимнен өткерилген «Улыўма орта билим алыўшылардың жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациясы ҳаққында»ғы Режениң 39-бәнтине тийкар, соның менен бирге Нөкис қаласы, Тоғыз төре көшеси 15-жайда жасаўшы пуқара М.Каньязовтың мүрәжат арзасын инабатқа алып **буйыраман:**

1. Нөкис қаласы, Тоғыз төре көшеси 15-жайда жасаўшы пуқара М.Каньязовтың мүрәжат арзасы инабатқа алынсын ҳәм қанаатландырылсын.

2. Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 46-санлы қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектебиниң 11-класс оқыўшысы А.Каньязовтың ҳүжжетлерин үйренип шығып, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2008-жыл 4-марттағы 56-санлы буйрығы менен тастыйықланған ҳәм Әдиллик министрлигинен 2008-жыл 20-мартта дизимнен өткерилген «Улыўма орта билим алыўшылардың жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациясы ҳаққында»ғы Режениң 39-бәнтин басшылыққа алған ҳалда мүддетинен бурын жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациядан өткериўге рухсат етилсин.

3. Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими (П.Ақназаров) не:

-жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестацияның Реже талапларына сай түрде өткерилиўин тәмийинлеў;

- жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестация материалларының толық ҳәм сапалы таярланыўын қадағалаў;

-өткерилген жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестация нәтийжеси бойынша улыўмаластырылған мағлыўматты Республикалық Оқыў методикалық орайына жеткериў ўазыйпалары тапсырылсын.

3.Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ўазыйпасын ўақтынша атқарыўшы Қ.Бекбаулиевқа жүклensin.

**Министр** **Р.Реимов**

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI / QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Нөкис қаласы.
2021-жыл 28 - Май
129 - санлы